

## Gid pou Paran/Responsab sou Rapò Nòt ACCESS Altènatif pou ELL yo

ACCESS altènatif pou ELL se yon evalyasyon sou **metriz lang anglè** pou klas 1-12. Egzamen an mezire nivo **devlopman lang anglè** elèv yo idantifye kòm **etidyan lang anglè** (English Language Learners oswa ELL) **ki gen enkapasite koyitif grav**.

### Kisa Rapò Endividyèl Elèv la ye?

Rapò Endividyèl Elèv la afiche nòt ACCESS altènatif pou ELL pitit ou a. Rapò sa se pou fanmi ak edikatè yo.

Anwo rapò a genyen non pitit ou a, dat nesans li, klas l ap fè, non lekòl ak distri li, eta a, ak nimewo idantifikasyon distri ak eta a. Epi li genyen tou enfòmasyon ki konsène sèvis edikatif espesyal pitit ou a.

<b>Elèv:</b>		
Dat Li Fèt:	Klas:	Sitiyasyon IEP:
ID Distri:	ID Eta a:	
Lekòl:	Distri:	Eta:
Èske elèv la pran nenpòt evalyasyon altène leta (yo)?:	Kantite ane elèv la te ekspoze nan anglè akademik:	
Andikap Prensipal:	Andikap Segondè (Si genyen):	

### Kisa Rapò Endividyèl Elèv la endike m?

Rapò a montre uit nòt pitit ou a ta ka fè nan egzamen an. Si pitit ou a pran toule kat seksyon egzamen an, l ap resevwa uit nòt yo. NA, oubyen pa disponib (not available nan lang anglè), vle di pa t gen nòt ki te anrejistre. Gen kat nòt nan *Domèn Lang* ak kat *Nòt konpoze*.


Yo repòte nòt nan *Domèn Lang* yo kòm, Ekout, Lekti, Pale ak Ekriti / Redaksyon. Nòt sa yo reflekte kat seksyon egzamen an.

*Nòt Konpoze* yo se konbinezon nòt pitit ou a nan Domèn Lang. Kat *Nòt Konpoze* yo se Langaj Oral, Alfabetizasyon, Konpreyansyon ak nòt mwayèn Jeneral la.

### Kijan yo repòte nòt yo?

Nòt sou *Nivo Metriz yo anrejistre nan yon konbinezon lèt ak nimewo, pa egzanzp: A2 oubyen P1*. Nòt sa yo koresponn ak sis Nivo Metriz Lang Anglè WIDA yo. Sou sa ki konsène metriz nan lang anglè, yon nòt ki kòmanse avèk lèt "A" kapab rekonèt kou yon nòt debitan, e yon "P" kapab rekonèt kou yon nòt ki pi avanse. Graf ki nan rapò a achire kolore pou reprezante nòt Nivo Metriz pitit ou a. Yon nòt P3 se yon nòt yon elèv ka fè senpleman nan Ekriti / Redaksyon. Tablo ki sou paj 3 rapò a bay egzanzp kisa elèv ki nan nivo ekspètiz pitit ou a kapab reyisi nan lang anglè a.

Nivo Konpetans**					
A1	A2	A3	P1	P2	(P3)
A1					



Barèm Nòt yo anrejistre kòm nimewo ki varye ant 910 – 960, pa egzanzp: 920. Nòt sa yo reflekte nivo klas pitit ou a ak nivo difikilte atik ki nan egzamen an li byen konplete. Barèm nòt yo itil pou wè

pwogrè pitit ou a fè nan devlopman lang Anglè ane apre ane. Graf ki sou rapò a montre Barèm Nòt pitit ou a pou chak nan uit nòt yo e li montre tou *Entèval Konfyans* pou chak Barèm Nòt li yo.

*Entèval Konfyans* yo se kote ki achire kolore ki antoure chak Barèm Nòt pitit ou a. Sa montre varyasyon ki posib pou nòt pitit ou a ki gen yon pwobablite egzaktitid 95%. Sètadi, si pitit ou a te pran menm egzamen an plizyè fwa, gen 95% chans pou nòt li yo ta nan seri ki kolore a.




*Pèfòmans nan domèn koute ak lekti* montre kantite bon repons pitit ou a genyen sou sa ki konsène diferan nivo sipò. Pa egzanp, Endis A vle di pitit ou a tande kesyon ki te repete defwa a. Endis B vle di vokabilè kesyon an te senplifye epi repete ankò. Endis C vle di vokabilè kesyon an te senplifye epi repete ankò; e yo te ba li yon endikasyon pou bon repons lan. Sipò sa yo tabli pou yo mezire kantite anglè pitit ou a konprann.

	Kantite Repons ki Kòrèk (sou 9)	Mwens Sipò → Plis Sipò					
		Endikatè A		Endikatè B		Endikatè C	
		Kantite ki Kòrèk	Pousantaj Repons ki Kòrèk	Kantite ki Kòrèk	Pousantaj Repons ki Kòrèk	Kantite ki Kòrèk	Pousantaj Repons ki Kòrèk
<b>Tande</b>	5	1	20%	3	60%	1	20%
<b>Li</b>	3	0		1	33.3%	2	66.6%

W ap jwenn *Enfòmasyon sou Jeson Egzamen* an sou paj 2 kanè pitit ou a. Foto ki adwat la se yon egzanzp sou kisa w ap jwenn sou paj 2 a. Paj sa nan rapò nòt la ba w enfòmasyon itil sou kote pitit ou a pran egzamen an (seksyon anwo a), ki sipò ki te ofri bay pitit ou a (2<sup>zyèm</sup> seksyon), ak enfòmasyon sou moun ki bay pitit ou a egzamen an (dènnye de seksyon yo). Si w ta renmen poze kesyon sou enfòmasyon ki make sou paj 2 a, kominike tanpri avèk lekòl pitit ou a.

Ou kapab jwenn *deskripsyon sou nivo metriz* yo sou paj 3 kanè pitit ou a. Deskripsyon sou kisa timoun ki nan chak nivo metriz lang kapab fè founi nan pale ak ekriti / redaksyon (*pwodiktif*) epi koute ak lekti (*reseptif*). Imaj ki anba a montre deskripsyon nivo metriz yo pou devlopman P3.



**ACCESS Altèn pou ELL™**  
Tès Kompetans nan Lang Anglè pou Elèv ELL ki gen Gwo Andikap pou Aprann

**Rapò sou Chak Elèv Apa**  
2019

**Enfòmasyon sou Fason yo Bay Tès la**

Anviwònman Tès la	
Anviwònman elèv yo abitye (pa egzanp: saiklas, biwo, lakay yo abitye)	YES
Anviwònman trankil	YES
Distaksyon minimòm	YES
Konvèsasyon chak elèv apa avèk administratè tès la	YES

Zòn tès la kote yo te itilize aranjman	
Enstwikeyon pou tès la	YES
Fòm pou prezantasyon	YES
Fòm pou repons	YES
Fòm montaj/anviwònman	YES
Kantite tan/òre	YES
Lòt	

Tit Administratè Tès la	
Pwofesè edikasyon espesyal	YES
Pwofesè ESL/Biling	
Pwofesè edikasyon jeneral	
Otonis	
Sikolog lekòl la	
Konsejye lekòl la	
Administratè tès LEA	
Lòt	

Konesans Administratè Tès la sou kompetans elèv la	
Konesans IEP elèv la nan moman an	YES
Konesans pwogram akademik elèv la	YES
Te aplike aranjman pou elèv la anvan	YES
Gen yon relasyon ki aplis avèk elèv la	YES
Konesans limite sou kompetans elèv la	
Pa abitye avèk kompetans elèv la	

Student Name or ID  
14075-00002-1918

	<b>Elèv k ap aprann lang anglè ki gen gwo andikap pou yo aprann ap pwodwi (Pwodiktif):</b>	<b>Elèv k ap aprann lang anglè ki gen gwo andikap pou yo aprann ap trete enfòmasyon (Reseptif):</b>
<b>Nivo P3 Devlopman</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Langaj ki gen kontni espesyal, tankou mo ki gen menm orijin ak ekspresyon</li> <li>Vokabilè oswa ekspresyon ki gen anpil siyifikasyon yo itilize nan matyè debaz</li> <li>Estrikti gramatikal ki repete avèk varyasyon pafwa</li> <li>Modèl fraz nan matyè debaz</li> <li>Fraz ki kout epi kèk ki long avèk kompleksite debitan</li> <li>Ekspresyon yon lide ki long oswa ekspresyon debitan sou anpil lide</li> </ul>	<p>Elèv yo ka resevwa nòt jiska nivo kompetans altèn P3 nan domèn Ekri. Domèn Tande, Pale, ak Li pa gen ladan kesyon tès ki sible nivo kompetans P3 ak pi wo; poutèt sa, elèv ki pran tès sa a pa kapab montre kompetans nan anglè nan nivo P3 kompetans altèn ak pi wo nan domèn yo.</p>

### Kisa m dwe gade nan rapò pitit mwen an?

Nou ankouraje fanmi yo gade tout nòt yo repòte pou pitit yo. Men kèk sijesyon sou fason pou entèprete oswa pran sans nòt pitit ou yo:

- *Gade nan nòt Domèn Lang yo.* Gade nòt Nivo Metriz li pou Ekout, Pale, Lekti ak Ekriti / redaksyon. Ki nòt ki pi pre P2? Ki nòt ki pi pre A1?
- *Gade Rezilta Jeneral yo.* Gade nòt Nivo Metriz li pou Langaj Oral, Metrizalfabetizasyon, Konpreyansyon ak mwayèn Jeneral la. Ki nòt ki pi pre A1? Ki nòt ki pi pre P2?
- *Gade diferans lan ant nòt ane sa a ak lòt ane pase a, si sa posib.* Si pitit ou a pran ACCESS Altènatif ane pase pou ELL, gade diferans lan ant nòt yon ane ak lòt ane a. Èske gen yon diferans nan nòt Nivo Metriz li? Èske gen yon diferans ant kantite sipò l ap resevwa nan koute ak lekti?

### Kijan yo itilize nòt egzamen yo?

Nòt ACCESS altènatif pou ELL ka sèvi sou plizyè fason. Paran yo kapab sèvi ak nòt yo pou yo ka pale pou pitit pa yo a, sitou nan reyinyon avèk ekip lekòl la ki tabli Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP: Individualized Education Program) pou pitit pa yo a. Pwofesè yo itilize nòt yo pou planifye enstriksyon ak evalyasyon yo. Distri yo itilize nòt yo pou evalye pwogram sipò lang yo a, pou kontwòle pwogrè elèv yo lè y ap aprann Anglè, epi pou detèmine si yon elèv kalifye pou soti nan yon pwogram sipò lang Anglè. Yo itilize nòt yo tou pou reponn a egzajans federal epi eta a.

### Men kisa pou mande

Nou ankouraje fanmi yo diskite nòt yo ak pwofesè pitit yo sou nòt yo. Men kèk kesyon pou poze:

- Ki nòt li bezwen pou l soti nan pwogram sipò lang Anglè a?
- Èske pitit mwen an ap pran egzamen sa chak ane?
- Kijan yo pataje nòt yo ak pwofesè li a?
- Ki kalite sipò nan lang Anglè ou bay pitit mwen an?
- Kisa w ta renmen konnen sou fason pitit mwen an itilize lang lakay li?
- Pouki pitit mwen an gen yon nòt "NA"?
- Kisa nòt "NA" a vle di?

Si ou gen kesyon ou te renmen poze sou nòt ACCESS altènatif pou ELL pitit ou a, tanpri, kominike ak lekòl pitit ou a.

### Men ki wit nòt ACCESS

#### Altènatif ki repòte pou ELL yo:

- Ekout
- Pale
- Lekti
- Ekriti / Redaksyon
- Langaj Oral:
- Alfabetizasyon
- Konpreyansyon
- Jeneral

Yo repòte nòt yo kòm Nivo Metriz ak Barèm Nòt yo.

### Men ki Tèm Kle pou Konnen

**Moun k ap aprann Etidyan nan lang Anglè** se elèv ki kalifye pou resevwa soutyen nan lekòl pou lang Anglè.

**Devlopman lang** se yon pwosesis ki pran tan. Elèv yo avanse nan pwosesis sa nan ritm ki diferan.

**Metriz lang** se yon mezi ki di ki kote elèv yo ye nan pwosesis devlopman lang lan.

